# ТЕАТР ТАРИЙХЫ ҲӘМ ОНЫҢ РАЎАЖЛАНЫЎ БАСҚЫШЛАРЫ

**Калжанова Тазахан Калбаевна** – *оқытыўшы*
tazaxankaljanova76@gmail.com
*Өзбекстан мәмлекетлик көркем өнер ҳәм мәденият институты Нөкис филиалы*

# ИСТОРИЯ ТЕАТРА И ЭТАПЫ ЕГО РАЗВИТИЯ

**Калжанову Тазахан Калбаевну** – *преподаватель*
*Нукусский филиал Государственного института искусств и культуры Узбекистана*

# THE HISTORY OF THEATER AND ITS STAGES OF DEVELOPMENT

**Tazakhan Kalbaevna Kalzhanova** – *Lecturer*
*Nukus branch of the State Institute of Arts and Culture of Uzbekistan*

**Таяныш сөзлер:** театр, драматургия, сахна өнери, антик театр, трагедия, комедия, режиссура, актёрлық шеберлиги.

**Резюме.** Усы мақалада театр көркем өнериниң пайда болыўы, оның тарийхый раўажланыўы ҳәм түрли дәўирлердеги раўажланыў басқышлары талланады. Сондай-ақ, театрдың жәмийетлик турмыстағы орны ҳәм әҳмийети илимий жақтан сәўлелендирилген.

**Ключевые слова:** театр, драматургия, сценическое искусство, античный театр, трагедия, комедия, режиссура, актерское мастерство.

**Резюме.** В данной статье анализируется возникновение театрального искусства, его историческое развитие и этапы развития в разные периоды. Также научно освещены роль и значение театра в общественной жизни.

**Key words:** theatre, dramaturgy, stage art, ancient theatre, tragedy, comedy, directing, acting.

**Summary.** This article analyzes the emergence of theatrical art, its historical development, and its stages of development across different periods. Furthermore, the role and importance of the theatre in social life have been scientifically explored.

**Кирисиў.** Театр көркем өнери инсаният тарийхында әҳмийетли орын ийелеген естетикалық ҳәм социаллық ҳәдийселерден бири. Ол тек ғана көркем сөйлеў қуралы емес, ал жәмийеттиң руўхый, әдеп-икрамлылық ҳәм философиялық көзқараслар сәўлелендириўши әҳмийетли қурал сыпатында раўажланып келген. Театрдың қәлиплесиўи ҳәм раўажланыўы ҳәр қыйлы тарийхый басқышлар мақалада анализленеди.

**Усыллар.** Бул илимий мақала темасын сәўлелендириўде тарийхый-салыстырмалы, сыпатлаўшы, классификациялық, коньтекстуал ҳәм комплексли қатнас таллаў усыллары қолланылды. Изертлеў театр тарийхын сәўлелендириў машқалаларын теориялық ҳәм тарийхый-көркем түсиниўге қаратылған заманагөй көркем өнертаныў усыллары тийкарында көрип шығылған.

**Нәтийжелер ҳәм додалаў.** Театр - бул тек ғана сахна ҳәм актёрлар емес, бәлким инсанияттың өзин-өзи аңлаў, сезимлерин бөлисиў ҳәм жәмийет машқалаларын сәўлелендириў қуралы есапланады. Театр көркем өнери мың жыллар даўамында жүдә узақ ҳәм қызықлы еволюцияны басып өткен. Театрдың тамырлары әййемги мәресимлер ҳәм диний байрамларға барып тақалады. Әййемги Греция Батыс театры әйне усы жерде, вино ҳәм өнимдарлық кудайы Дионис ҳүрметине өткерилген байрамлардан басланған. Бул дәўирде трагедия ҳәм комедия жанрлары қәлиплести. Есхил, Софокл ҳәм Еврипид сыяқлы уллы драматурглер дөретиўшилик еткен. Немис драматурги Б.Брехт тамашагөй ҳаққында былай дейди: "Театр тамашагөй ушын турмысты үйрениў мектеби есапланады" [1]. Антик Рим: Римлилер грек театрынан көп нәрсени өзлестирди, бирақ көбирек тамашагөйликке (гладиатор саўашлары, пантомима) итибар берди. Орта әсирлер театры Батыста ширкеў дәслеп театрди қадаған еткен болса да, кейин ала оннан диний үгит-нәсият ушын пайдалана баслады. Мистериялар, Библия ўақыяларына тийкарланған үлкен тамашалар, морали, жақсылық ҳәм жаманлық ортасындағы гүресті сүўретлеўши үйретиўши пьесалар ал Шығыста: Бул дәўирде Қытай, Ҳиндстан ҳәм Японияда (мысалы, Но театры) өзине тән миллий театр дәстүрлери шоққысына шықты. Ояныў дәўири (Ренаиссанс) театрлары бул дәўир театрдың "Алтын дәўири" есапланады. Италия: Комедия делларте (ниқаплар театры) пайда болды. Онда актёрлар қатаң текстсиз, импровизация тийкарында ойнаған. Англияда, Уилям Шекспир дәўири. Белгили "Глобус" театры қурылды, инсан психологиясы ҳәм трагедиясы терең талланып басланды.

Испанияда, Лопе де Вега "халық драмасы"на тийкар салды. Классицизм ҳәм Ағартыўшылық дәўири келип театрда тәртип ҳәм қатаң қағыйдалар ҳүкимдарлық ете баслады. Француз жазыўшысы А. Франс былай дейди: "Театр бул тек ғана сахнадағы атқарыў емес, бәлким залда ҳүким сүрген орталық есапланады". [2] Францияда, Молер (комедия), Корнел ҳәм Рацине (трагедия) дәўири. "Үш бирлик" (ўақыт, орын ҳәм ҳәрекет бирлиги) қағыйдасына қатаң әмел етилген. Ағартыўшылық дәўиринде театр инсанларды тәрбиялаў ҳәм ақыллы болыўға шақырыў қуралына айланды. XIX-XX әсирлерге келип, реализм ҳәм модернизм бағдарларының дәўири басланды. Театр турмысты қандай болса, солай көрсетиўге умтыла баслады. Реализмде, Константин Станиславский актёрлық шеберликтиң жаңа системасын жаратты ("Станиславский системасы"). Бул система актёрдан сахнада "жасаўды" талап ететуғын еди. Експериментал театрда, Бертолд Брехттин "епикалық театры," Абсурд театры (Самуел Беккет) сыяқлы жана бағдарлар пайда болды. Олар дәстүрий театр қәлиплерин сындырып таслады. Елимиз театр көркем өнери ҳаққында қысқаша айтып өтсек, халық театры жүдә әййемги тарийхқа ийе (қуўыршақпазлық, қызықшылық). Бирақ, заманагөй мәнистеги Қарақалпақ театр көркем өнери XX әсирдиң басларында қәлиплесе, музыкалы театрдың тийкарлары 1930-жылларда қойылған. Бул дәўирде халық аўызеки дөретиўшилиги, епикалық дәстанлар, мәресим қосықлары ҳәм халық аяқ ойынлары тийкарында сахналық шығармалар дөретилген. 1932-жылы Нөкис қаласында биринши театр труппасы дүзилгеннен кейин, бул труппа қурамында сахналастырылған музыкалы шығармалар қарақалпақ музыкалы театрының тийкарына айланды. [3] “Тилек жолында”, "Теңин тапкан қыз" драмасы қойылыўы менен миллий театр жаңа басқышқа шықты. Театр өзиниң өмир сүриўинин биринши жылларында аўыр жағдайда жумыс алып барды. Оның жәмәәти үгит-нәсият ҳәм мәдений ағартыўшылық жумысын алып барды, ҳаял-қызлардың ҳуқықлары ушын гүрести[4]. Театр көркем өнери адамзат мәдениятының ең әййемги ҳәм әҳмийетли түрлеринен бири есапланады. Ол тек ғана кеўил ашар қурал емес, ал тәрбиялық ҳәм ағартыўшылық әҳмийетке ийе болған дөретиўшилик процесс болып есапланады. Мәмлекетлик театрдың труппасы 32 адамнан ибарат болып, театрдың биринши актёрлары педагогикалық ҳәм аўыл хожалық техникумларының студентлери болды[5]. Заманагөй режиссёрлар жаңа усыллар арқалы сахна шығармаларын талқылайды. Театр бүгинги күнде социаллық машқалаларды көтерип шығатуғын әҳмийетли көркем өнер түри болып есапланады. Ол инсан санасына тәсир көрсетип, жәмийетти пикирлеўге ийтермелейди. Заманагөй театр дәстүрий ҳәм инновациялық елементлерди үйлестирген ҳалда раўажланбақта. Ол тек ғана мәдений емес, ал социаллық әҳмийетке ийе болып, заман менен тең қәдем тасламақта. Заманагөй театр жәмийет турмысының ажыралмас бөлеги сыпатында инсан ой-пикири ҳәм дүняқарасын қәлиплестириўде әҳмийетли рол атқарады. Ол тек ғана кеўил ашар қурал емес, ал жәмийеттеги әҳмийетли машқалаларды көтерип шығатуғын дөретиўшилик майдан есапланады. Заманагөй театр жәмийетте бар болган машқалаларды әдиллик, теңлик, инсан ҳуқықлары, әдеп-икрамлылық қәдириятлары сыяқлы мәселелерди сахнага алып шиғады. Бул арқалы ол тамашагөйди ойлаўға, пикир жүргизиўге шақырады. Әсиресе, жас әўладтың тәрбиясында театр үлкен әҳмийетке ийе болып, оларда инсаныйлық пазыйлетлерди раўажландырады. Заманагөй театр миллий дәстүрлерди сақлап қалыў менен бирге, оларды жаңа усылларда көрсетеди. Бул болса мәдений мийрастың үзликсизлигин тәмийинлейди. Бүгинги күнде театрда мултимедиа, санлы технологиялар ҳәм инновациялық сахна шешимлери кеңнен қолланылмақта. Бул тамашагөй ушын жаңа тәсир ҳәм қызығыўшылық оятады.

**Пайдаланылған әдебиятлар**


1. Elam K. (1980). The Semiotics of Theatre and Drama. London: Methuen.
2. Каримова Д. (2021). Психология ҳәм көркем өнер. Самарқанд: СамДУ баспасы.
3. Ергашев Б. Миллий театр ва мусиқа санъати. - Ташкент, 2018.
4. Т.Баяндийев. Театр и время.Ташкент, 2010.
5. Т.Баяндийев. Каракалпакский государственный театр имени К.С.Станиславского (1930-1967). Ташкент, 1971.